# Интегрированный урок одна из нетрадиционных форм организации учебной деятельности учащихся.

- Эффективность учебного процесса во многом зависит от умения учителя правильно организовать урок и грамотно выбрать ту или иную форму проведения занятия.
- Как известно, целью обучения адыгейского языка в школе является формирование межкультурной компетенции учащихся, которая реализуется в способности к речевому общению.
- Залогом успешной речевой активности учащихся являются нетрадиционные формы уроков адыгейского языку, в ходе которых учащиеся приобщаются к культуре стран изучаемого языка, а также расширяют знания о культурном наследии родной страны, что позволяет учащимся принимать активное участие в диалоге культур.
- Нетрадиционные формы проведения уроков дают возможность не только повысить интерес учащихся к изучаемому предмету, но и развивать их творческую самостоятельность, обучать работе с различными источниками знаний.
- Такие формы проведения занятий «снимают» традиционность урока, оживляют мысль. Однако необходимо отметить, что слишком частое обращение к подобным формам организации учебного процесса нецелесообразно, так как нетрадиционное может быстро стать традиционным, что, в конечном счете, приведет к понижению у учащихся интереса к предмету.
- Развивающий и воспитывающий потенциал нетрадиционных форм урока можно охарактеризовать с помощью определения следующих целей обучения:
- формирование у учащихся интереса и уважения к культуре;
- воспитание культуры общения и потребности в практическом использовании языка в различных сферах деятельности.

**Темэр:** ***Пкъыгъоц1э унаемрэ пкъыгъоц1э къызэрык1омрэ.***

**Мурадыр:** ***Адыгэ Республикэм исимволхэр, идэхагъэрэ, 1эш1агъэу и1эхэмрэ згъэфедэхэзэ пкъыгъоц1э унаехэмрэ къызэрык1охэмрэ ягъэш1эгъэныр.***

**Интегрированнэ урок.**

**Згъэфедагъэхэр:** Адыгэ Республикэм исимволхэр и Президентыгъэхэм ясурэтхэр, джы тилъэхъан и Президент исурэт, компьютерыр, видео – аудио тетхэнхэр. Республикэу Адыгеим икарт, географическэ карт, плакатхэр, таблицэхэр.




АДЫГЭ РЕСПУБЛИК
РЕСПУБЛИКА АДЫГЕЯ
Р Ф




Краснодарское водохранилище
Красногвардейское
Хакуринохабль
Тахтамукай
Адыгейск
Гиагинская
Кошехабль
Майкоп
Тульский
Каменномостский
Хамышки





**Урокыр зэрэк1ощтыр.**

Усэр доскэм пылъагъ,
Еджак1охэм апашъхьи илъ

Адыгэ ч1ыгур. Адыгэ хэкур,
Зэкъош хэгъэгум о уригупс
Бэ птехъык1ыгъэр, ащ тыщыгъуаз,
Хьэзабы пстэури джы утигъус.

Доскэм къытыратхэ
Ц1.п. – сыд? – ч1ыгур
Эрг.п.–сыдым?-ч1ыгум
Л.п.-сыдымк1э?- ч1ыгумк1э
Гъэунэф п.–сыдэу? – ч1ыгоу
пчъагъэмк1и зэхъок1ых
К1алэр, к1алэхэм

Зэкъош хэгъэгоу сэ сикъэрал
Адыгэ ч1ыгоу, адыгэ хэку.
Рэхьаты дахэр ренэу унэгу.
Мэщбэш1э И.



*Усэр къызэхафыфэ нэмык1 к1элэеджак1омэ карточкэмэ 1оф адаш1э.*

Пкъыгъуац1эу хэтхэр къыхэтэгъэщых, упч1эхэр афэтэгъэуцух. (пкъыгъоц1э къызэрык1ор). Мыщ усэм адыгэмэ хьэзабэу атехъык1ык1ыгъэр зэрэтыгъусэр къытегъаш1э. Джы щы1эк1э дахэ, рэхьатныгъэ зэрэти1эр къытфе1уатэ. Адыгэ лъэпкъыр лъэпкъыжъы дэд. Ащ гъогу къин к1ыхьэ къык1угъ. Гущы1эхэу: бэ птехъык1ыгъ. Хьэзабы пстэури джы уитыгъуас.

Шъыпкъэ, лъэхъан зэфэшъхьафхэми, заоу щы1агъэхэми Кавказыр абгынэжьыгъэу адыгэхэр 1эк1ыб къэралхэми арысых (тыдрэ къэралхэр зэрысхэр? Шъош1эмэ къэшъо1о) Иран, Ливан, Албанием, Иорданием. Сирием, Тыркуем, Египет, Израиль ащ анэмык1хэми (къа1охэ зыхъук1э тетрадьмэ адатхэх, буквэ инк1э къызк1егъэжьагъэхэри къа1о, картымк1э къэтэгъэлъагъо. Ежь апашъхьэ картым къыхагъэщы). Сыдым къытегущы1агъэхэми пкъыгъоц1э унаехэр къыхэтэгъэщых, упч1эхэр афэтэгъэуцу.

Ау тикъэралыгъо к1оц1к1э адыгэхэр анахьэу зыдэс къалэхэр зыш1эрэм къе1ох, ык1и тетрадьмэ адэтэтхэ, картымк1э къэтэгъэлъагъо. Т1уапсэ, Мыекъуапэ, Шытхьал, Лабинск, Краснодар, Армавир, Мэздэгу, Нальчик, Черкесск.
Дунаим къэралыгъоу, республикэ зэфэшъхьафхэу тетмэ зэу ащыщ хъугъэ адыгэхэри. Чъэпыогъум итфым 1991 – рэ илъэсым Адыгэ Республикэ ти1э хъугъэ.
Адыгэ Республикэм иапшъэрэ Совет 1992 – рэ илъэсым гъэтхапэм и 24 – рэм ыштэгъэ символхэр – Гербыр, Гимныр, Быракъыр тиреспубликэ ищы1эк1э хэхъуагъэх ахэр (символхэр ык1и президентхэм ясурэтхэр интернетым къыхэхыгъэхэу стенд ш1ыгъэу еджак1омэ къятэгъэлъэгъу).
Гимныр езбырэу къа1о (1 – 2)
Орэдышъом илъэу, орэдыр язгъэхьырэ к1элэегъаджэм къарегъа1о.
Дискым тетэу къырагъа1о ык1и тедэ1у.

**Адыгэ Республикэм и Гимн**

Гущы1эхэр – Мэщбэш1э Исхьакъ
Орэдышъор – Тхьабысымэ Умар

Тихэгъэгу к1асэу тигупсэр
Адыгэ ч1ыгур терэ1.
Зы бын унагъоу лъэпкъыбэр
Щызэгуры1оу щэрэ1.
Жъыу:
Ш1ум фак1у, лъык1уат
Республикэу тиунэ дах.
Еъэхъу, зы1ат,
Республикэу тигугъэ лъаг –
Уилъэпкъи хъишъэр фэ1уат.
Дунаим ич1ып1э ш1агъор
Нахьыжъмэ тэ къытфыхах,
Ахэмэ ял1ыгъэ – ш1агъэ
Л1эш1эгъумэ къызэ1эпах.
Жъыу.
Хьазабэмэ уахэмытыжьэу,
Уитыгъэ нэфи пшъхьащыт.
Россием зык1э ущыщэу
Ащ гук1и ущышъхьафит.
Жъыу.

**Текстым 1оф дэтэш1э:**
Пкъыгъуац1эхэр къыхэжъугъэщых, зэфэдэхэр къашъу1ох.
Усэмрэ орэдышъомрэ зыехэри къа1о (*ц1ыфыр къызэрик1ырэри).*
**Быракъыр зыфэдэр къа1о.** (*зыхэш1ык1ыгъи, ышъуи, жъогъо пч1агъэу тети, ахэмэ къагъэлъагъуи, 12 зык1эхъурэр къа1о, щэбзищмэ къарик1ырэр къа1о).*
Текстхэр апашъхьэ илъых
Шапсыгъэхэр, абдзаххэр, убыххэр, бжъэдугъхэр, к1эмгуехэр, мэхъошьхэр, бэслъынэйхэр, 2 – къэрэчайхэр, къэбэртайхэр, натухайхэр, темиргойхэр (*карты ш1ыгъэу къятэгъэлъэгъу).*
Адыгэмэ мамыр гухэлъ щэхъу зэрямы1эр ащ къеущыхьаты.
Урысыем ибыракърэ Адыгэ Быракърэ зэк1ыгъоу къа1этых Къэралыгъуапчъэхэм быракъит1ури зэк1ыгъоу. Адыгэ Республикэм и Быракъ шэк1 уцышъом хэш1ык1ыгъ.
Быракъым см 180 – рэ ик1ыхьыгъ, см 90 – рэ ишъомбгъуагъ.
Ащ дышъэ жъогъо 12 ышъхьагъэк1э тещ1ыхьагъ, ыгухэгу щэбзищ теш1ыхьагъ.




РЕСПУБЛИКА АДЫГЕЯ

**Быракъыр зыфэдэр къа1о.** (*зыхэш1ык1ыгъи, ышъуи, жъогъо пч1агъэу тети, ахэмэ къагъэлъагъуи, 12 зык1эхъурэр къа1о, щэбзищмэ къарик1ырэр къа1о*).
Текстхэр апашъхьэ илъых
Шапсыгъэхэр, абдзаххэр, убыххэр, бжъэдугъхэр, к1эмгуехэр, мэхъошьхэр, бэслъынэйхэр, 2 – къэрэчайхэр, къэбэртайхэр, натухайхэр, темиргойхэр (*карты ш1ыгъэу къятэгъэлъэгъу).*
Адыгэмэ мамыр гухэлъ щэхъу зэрямы1эр ащ къеущыхьаты. Урысыем ибыракъырэ Адыгэ Быракъырэ зэк1ыгъоу къа1этых Къэралыгъуапчъэхэм быракъит1ури зэк1ыгъоу. Адыгэ Республикэм и Быракъ шэк1 уцышъом хэш1ык1ыгъ. Бырaкъым см 180 – рэ ик1ыхьыгъ, см 90 – рэ ишъомбгъуагъ. Ащ дышъэ жъогъо 12 ышъхьагъэк1э тещ1ыхьагъ, ыгухэгу щэбзищ теш1ыхьагъ.



**Гербыр – къытегущы1эх, къагъэлъагъо**.

Гербыр итеплъэк1э хъурай. Ащ жъогъо къопитфыр, шыур, жъогъо пш1ык1ут1ур, адыгэ 1анэр теш1ахьыгъэх. Герб гузэгур огушъо – шхъонт1ашъок1э гъэлагъэ. Адыгэ Республикэм ибайцныгъэ къагъэлъагъо адыгэ 1анэм ылъакъомэ къагош1ыхьэгъэ сурэтмэ. Гербым ычъэгъэк1э хьарыфит1у тет: «РФ». Ащ къегъэлъагъо Адыгэ Республикэр Российскэ Федерацием (Урыс Федерацием) зэрэхахьэрэ.

Гербыр зыш1ыгъэр художникэу Мэрэтыкъо Долэт.

Апэрэ, ят1онэрэ, ящэнэрэ Президентым къытегущы1эх.

Ясурэтхэри къэтэгъэлъагъо.

Тиреспубликэ игупчэ хэт ыц1э къари1она (Мыекъуапэ).



**Къалэу Мыекъуапэ загъэпсыгъэр** 1857-рэ илъэсыр ары. Ар псыхъоу Шъхьэгуащэ иджэбгъо нэпкъ к1элъырыс.

Къалэ пэпчъ урам ык1и площадь шъхьаIэхэр и1эх. Адыгэ Республик эм игупчэу Мыекъуапэ иурам шъхьа1э зэреджэхэрэр Краснооктябрьск. Мы урамы щэбзащэм фэдэу занк1э. Ар къабзэ, к1эрак1, дахэ. Урамым игъогу напцэхэм чъыгыбэхэр атетых

ыц1эк1э щы'Гыр ары. Площадым ит памятникыр зэхьыл1агъэр адыгэхэмрэ урысхэмрэ азфагу илъ зэкъошныгъэр бэш1агъэу къызэремыжьагъэр ары. Л1ыхъужъит1ум а1ыгъ тхылъым тетхагъэр «Навеки с Россией». Мыр зыш1ыгъэр скульптор ц1эры1оу М. Г. Манизер.



Архитектурэм ылъэныкъок1э гъэшIэгъоных республиканскэ музеир зыч1эт унэмрэ ык1и мэщытымрэ. Мэщытыр аш1ы зэхъум адыгагъэмрэ ык1и адыгэ хабзэмрэ яшапхъэхэр агъэфедагъэх. Мэщытым исурэт зыгъэпсыгъэр зэлъаш1эгъэ художникэу Бырсыр Абдулахь. Мэщытыр быслъымэн ц1ыф лъэпкъэу дэсхэм

якультурнэ гупчэу хъугъэ.

Чыристан диныр зы1ыгъ ц1ыфхэм ячылыс лъэшэу дахэ, гъэш1эгъоны. Картымк1э къагъэлъагъо ык1и къытегущы1эх.
Сыд фэдэ къала тиреспубликэ и1эр? (Мыекъуапэ, Адыгэкъалэ).







WWW.FOTOBANK.COM FB05-5584 Fotobank
Путешествие в Адыгею. На фото - Соборная мечеть, Майкоп.



**Адыгэкъалэ** зызэхащагъэр бэ шlагъэп. Ар зыхъугъэр сен тябрэм и 27-рэм 1969-рэ илъэсыр ары. Къалэр къэлэ инэп. Ау къалэм гъогушхохэр щызэблэкlых. Мыщ блэкlы Урысыем итемыр къикlэу икъыблэ кlорэ гъогур: Краснодар - Адыгэкъал - Горячий Ключ, Тlуапсэ - Шъэч. Къохьапlэмкlэ къикlэу l{ъокlыпlэмкlэ кlорэ шоссейнэ гъогушхомкlэ Адыгэкъалэ укъикlынышъ къалэу Мыекъуапэ укъэкlожьынымкlэ анахь кlэкl. А гъогур апхырэкlы населеннэ пунктхэу Адыгэкъалэ, Понэжьыкъуае, Гъобэкъуае, Рязанскэм, Бжъэдыгъухьаблэ. Адыгэкъалэ Кубанскэ хым кlэлъырыт.



Уахътэр макIо, къалэр нахь ины ыкIи нахь дахэ мэхъу. Къэлэдэсхэм якъалэ якIас. Къалэм унэ дэхабэ дэт. ЕджапIэхэр, IофшIэпIэ зэфэшъхьафхэр, тучанхэр, кIэлэцIыкIу IыгъыпIэхэр дэтых. Мы къалэм щыщых цIыф цIэрыIохэу, орэдыIо шIагъохэу Нэхэе Тэмар, ЗекIогъу зэшыпхъухэу Светэрэ Симэрэ, Лъэцэр Римм, нэмыкIхэр. Мыщ щыщых зэлъашIэрэ спортсменхэу Лъэцэр Хьазрэт, Тхьагъэпсэу Сталик, ХьакIэгъогъу Казбек, нэмыкIхэр.

Къытегущы1эх.



Сыд фэдэ районхэмк1э тиреспубликэ зэрэззэтефыгъэр? Тхьапша япчъагъэк1э зэрэхъухэрэр? Хэт ац1э къыри1ощт? Теучъожь район, Тэхътэмыкъое, Джэджэ, Красногвордейскэ, Хьакурнэхьаблэ, Къощхьаблэ ык1и Мыекъопэ районхэр. Гупчэхэр картымк1э къагъэлъагъох.

Тихэку сыд фэдэ псыхъомэ зэпачыра? Къа1ох, картымк1 э къагъэлъагъох, атхых: Шъхьэгуащ, Псэкъупс, Къурджыпс, Мартыр, Афыпс, Пщыщэ, Фэдз. Сыд фэдэ псыхъоха тихэку игъунапкъэхэр: Пшызэрэ Лабырэ, картымк1э къагъэлъагъо, атхы.

Республикэм квадратнэ киллометрэ 7807 -рэ еубыты.
Адыгеем къушъхьэ анахь лъагэу и1эмэ ац1э къашъу1о: Ошъутенырэ, Фыщтырэ. (къагъэлъагъо). Тиреспубликэ щыпсэурэ ц1ыф лъэпкъыхэр: адыгэхэр, урысхэр, украинцэхэр, беларусхэр, армянхэр, нэгъойхэр, узбекхэр, грузинхэр, грекхэр, азейбарджанцэхэр ащ нэмык1хэри щэпсэух.
Адыгэ быракъым жъогъо пш1ык1ут1у теш1ыхьагъ, ыпэк1э къызэрэт1уагъэу ащ къыгъэлъагъорэр къа1ожьы. Ар къыушыхьатэу фильмэу «Черкессия» зыфи1орэм щыщ пычыгъом тежъугъэплъ, ащ къыти1он адыгэхэр сыдигъок1и  мамырныгъэм к1эхъопсхэу зэрэщы1агъэхэр. Фильмэр компьютерымк1э къегъэлъагъо. Фильмэм теплъы.

Джы а хъопсак1эу я1агъэр къызэрадэхъугъэм, Адыгэ Республикэ я1э зэрэхъугъэм рэгушхох. А мафэр ямэфэк1ышху. Адыгэмэ къэшъоныр, нысащэхэр як1эсагъэх, ащ къыхэк1ык1э яхэгъэгу ш1у алъэгъущтыгъэ. Къэшъо дахэу як1эсагъэр хэты къы1она? "Удж", "Зэфак1у", "Зыгъэлъат", "Лъэпэрис", "Удж хъурай", "Ислъамей".





Нахьыпэрэм инструментэу орэдхэр къызэрагъа1ощтыгъэхэм шык1эпщынэр зэращыщыр къяс1уагь, къязгьэлъэгъугь ык1и сыкъытегущы1агь.

Непэ зэдгъэш1агъэр ык1и тлъэгъугъэр унэмк1э гъэцэк1энэу къэтэтхыжьы. Зэфэхьысыжь къясэгъэш1ы пкъыгъоц1э унаехэр зыфи1орэ таблицэр згъэфедэзэ. Фильмэм къыгъэлъэгъуагь джэгур зэряк1асэщтыгъэр.